



AVI SOU KONDISYON LEARNFARE

Non
Adrès

Dosye #/Kategori/Sekans

Dimansyon AG

Dat

Konferans nan Lekòl

Lalwa leta Florid egzije moun k ap resevwa Asistans Lajan Tanporè yo pou yo bay patisipasyon pa yo nan edikasyon pitit yo. Tankou paran oswa fanmi ki reskonsab, ou gen obligasyon chak semès pou w gen konferans souplas, deyò oswa nan telefòn avèk yon reskonsab lekòl la pou pitit ou a (yo) ki nan laj eskolè. Asistans Lajan Tanporè ou a ap diminye si w pa ta gen yon konferans san rezon valab.

Frekantasyon Eskolè: Lalwa leta Florid egzije pou tout timoun ki nan laj eskolè al lekòl.

Timoun ki konn fè Lekòl Buisonyè:

Si pitit ou a (yo) ki nan laj eskolè gen obligasyon pou li (yo) ale lekòl epi li (yo) gen 15 oswa plis absans san ekskiz pandan 90 jou kalandè, y ap konsidere timoun sa a (yo) tankou timoun ki konn fè lekòl buisonyè epi yo kapab retire li (yo) nan Benefis Asistans Lajan Tanporè ou a. Ou kapab resevwa benefis Asistans Lajan Tanporè pou pitit ou a (yo) ankò apre peryòd egzamen ki vin annapre a lè prezans li (yo) nan lekòl la montre yon bonjan amelyorasyon. Depi nou resevwa prèv sou amelyorasyon prezans lan, non timoun nan (yo) dwe re-ajoute nan benefis asistans lajan tanporè ou a.

Elèv ki abandone etid li:

Si pitit ou ki nan laj eskolè abandone etid li san rezon valab, y ap retire non timoun sa a nan benefis Asistans Lajan Tanporè ou. Depi w ban nou prèv ki verifye pitit ou a: anwole nan lekòl; resevwa yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan diplòm nan; anwole nan preparasyon pou Tès *General Educational Development* (Tès Devlòman Edikasyon Jeneral); oswa anwole nan lòt aktivite edikatif ki jwenn apwobasyon komite jesyon distri lekòl la; non timoun nan dwe re-ajoute mam benefis asistans lajan tanporè ou a.

Yo pa p aplike sanksyon si timoun nan gen rezon valab pou li pa ale lekòl. Rezon valab egziste lè:

1. Lè yo mete timoun nan deyò nan lekòl la epi pa gen okenn lekòl timoun nan kapab frekante;
2. Timoun nan pa kapab ale lekòl akòz li gen pwoblèm transpò; oswa,
3. Yon reskonsab lekòl la akòde yon dispans pou kondisyon patisipasyon nan edikasyon an akòz travay, rezon medikal, yon aksyon an jistis oswa yon gwosès.

NÒT: Y ap rekòmande tout timoun 16 oswa 17 an ki pa anba sanksyon Learnfare akòz rezon valab nan *Regional Workforce Board* (Konsèy Mendèv Rejyonal) pou li kapab patisipe nan aktivite travay oswa nan aktivite plan altènatif.

Aplikan oswa benefisyè a dwe ranpli fòm sa a

Tankou yon moun k ap resevwa asistans lajan tanporè, mwen rekonèt mwen gen obligasyon pou mwen patisipe nan Pwogram Learnfare la. Mwen sètifye mwen konprann kondisyon Pwogram Learnfare la jan Espesyalis Oto-Sifizans Ekonomik lan eksplike m sa. Mwen konprann dwa mwen genyen pou m mande yon odyans san paspouki.

Siyati Aplikan/Benefisyè

Dat

Non Espesyalis Oto-Sifizans Ekonomik (tanpri ekri ak lèt majiskil)

Dat

Nimewo Telefòn